DISTRI ESKOLÈ SANTRAL EAST RAMAPO

"Yon kominote ki ini pou edike tout timoun nan tout aspè"

BILTEN SOU BIDJÈ • PRENTAN 2026

Vòt Bidjè a Pwograme pou Madi 19 Me a

YON MESAJ PREZIDAN KONSÈY EDIKASYON OU A AK DIREKTÈ JENERAL PWOVIZWA A PATAJE AVÈK OU

CHÈ KOMINOTE EAST RAMAPO,

Pandan reyinyon regilye ki te fèt jou ki 21 avril la, Konsèy Edikasyon East Ramapo Central School District la te adopte yon bidjè ki koute $367,649,590 pou ane akademik 2026-27 la. Chak eleman ki nan bidjè yo pwopoze a fèt ak anpil prekosyon pou amelyore rezilta eskolè yo, ranfòse enfrakstriti distri a epi optimize sèvis transpò yo.

Plan an apiye enstriksyon ki gen gwo kalite ansanm ak sèvis ki adapte pou elèv yo, li envesti nan modènizasyon etablisman esansyèl yo, epi li ankouraje pou nou mete sou pye sistèm pèfòman ki garanti bon dewoulman operasyon ki fèt chak jou atravè distri a.

Pwopozisyon sa a montre angajman distri a pran pou **asire siksè elèv yo** tout sa pandan l ap kenbe yon anviwònman aprantisaj ki san danje epi ki modèn. Lè nou mete yo ansanm, priyorite sa yo favorize bon jan ekselans akademik, etablisman ki byen jere ak sèvis fyab nou mete sou pye epi ki reponn ak evolisyon elèv k ap kontinye, fanmi yo ak ansanm kominote eskolè a.

Konsèy la konprann anpil enpak taks yo gen sou kominote nou an. Pou rezon sa a, bidjè nou pwopoze a gen ladan l yon **ogmantasyon zero pousan prelèvman fiskal.** Kòm yon distri ki ini, nou pran angajman pou favorize ekselans akademik, ekite ak enklizyon, pandan n ap asire chak elèv gen resous, sipò ak opòtinite ki nesesè pou yo epanouyi.


Mèsi pou sipò elèv ak fanmi yo kontinye ba nou. **Tanpri sonje pou vote jou ki ap Madi 19 Me a sòti 7 a.m. pou rive 9:30 p.m.**

Shimon Z. Rose, Prezidan
Prezidan Konsèy Edikasyon an

Ana Reluzco
Sipèentandan Pwovizwa nan Lekòl yo

NAN YON KOUDÈY
0% Ogmantasyon Prelèvman Taks
$367,649,590 Bidjè Eskolè Pwopoze
Ogmantasyon 5.56%
Twa syèj ki ouvè nan eleksyon pou Konsèy Edikasyon an







PWEN ENPÒTAN BIDJÈ 2026-2027:

AMELYORE REZILTA AKADEMIK ELÈV YO

- Ranfòse lekti ak ekriti atravè patenarya avèk òganizasyon ki ap fè pwomosyon lekti nan nivo nasyonal
- Devlope pwogram entèvansyon eskolè yo nan plizyè nivo pou moun ki ap aprann anglè, elèv ki gen andikap ak lòt moun ki bezwen sipò espesyal anplis
- Ranfòse pwogram lekti prekòs pou elèv ki ap antre nan kindègadenn
- Ofri pwogram devlopman pwofesyonèl nan domèn lekti, matematik, rechèch ak lidèchip

RANFÒSE ENFRAKSTRIKTI

- Repare ak ranplase sistèm chofaj ak vantilasyon (HVAC) atravè tout distri a
- Ranplase planche a nan Administrasyon Santral la

RANFÒSE JESYON TRANSPÒ

- Trete ogmantasyon kontraktyèl yo epi relanse apèl òf yo
- Anplwaye yon konsiltan pou re-òganize depatman jesyon transpò a

VOTE: MADI 19 ME 2026 | 7AM - 9:30PM

✪ Avi Bidjè Distri East Ramapo Central School District (Distri Eskolè Santral East Ramapo) 2026-27

PWOPOZISYON BIDJÈ JENERAL	Bidjè Adopte pou Ane Eskolè 2025-26 la	Bidjè Pwopoze pou Ane Eskolè 2026-27 la	Bidjè Enprevi pou Ane Eskolè 2026-27 la*
Montan Total Bidjetize, Li Pa Genyen Pwopozisyon Separe yo ladan l	$ 348,288,873	$ 367,649,590	$ 367,649,590
Ogmantasyon/Diminisyon pou Ane Eskolè 2026-27 lan		$ 19,360,717	$ 19,360,717
Ogmantasyon/Rediksyon Pousantaj nan Bidjè yo Pwopoze a		5.56%	5.56%
Chanjman nan Endèks Pri Konsomatè yo		2.63%	
A. Prelèvman Taks ki Pwopoze a pou Sipòte Kantite Total ki nan Bidjè a	$ 162,801,802	$ 162,801,802	
B. Prelèvman pou Sipòte Dèt Bibliyotèk la, si li aplikab	$ 0	$ 0	
C. Prelèvman pou Pwopozisyon Ki Pa Ka Ekskli, si li aplikab**	$ 0	$ 0	
D. Kantite Total Rezèv Limit Taks yo Itilize pou Diminye Prelèvman pou Ane Aktyèl la	$ 0	$ 0	
E.Total Prelèvman Fiskal ki Pwopoze pou Ane Eskolè a (A + B + C - D)	$ 162,801,802	$ 162,801,802	$ 162,801,802
F. Esklizyon ki Otorize Pou Limit Plafon Fiskal Lekòl la	$ 3,766,345	$ 3,637,896	
G. Limit Prelèvman Taks Eskolè, San Prelèvman pou Eksklizyon ki Otorize	$ 164,167,284	$ 165,207,881	
H. Prelèvman Taks Total ki Pwopoze pou Lekòl, San Prelèvman ki Pa Obligatwa yo ak Prelèvman Dèt Bibliyotèk yo, Plis Rezèv Limit Taks pou Ane Anvan an (E - B - F + D)	$ 159,035,457	$ 159,163,906	
I. Diferans: (G – H); (Yon Valè Negatif Nesesè Apwobasyon 60.0% Elektè – Gade Nòt Anba Konsènan Pwopozisyon Separe)**	$ 5,131,827	$ 6,043,975	
Konpozan Administratif	$ 30,761,335	$ 32,610,694	$ 32,610,694
Konpozan Pwogram	$ 291,614,502	$ 308,186,562	$ 308,186,562
Konpozan Kapital	$ 25,913,036	$ 26,852,334	$ 26,852,334

*** Bay yon deklarasyon sou sipozisyon yo te fè nan pwojeksyon yon bidjè enprevi pou ane lekòl 2026-27 an, si bidjè yo pwopoze a ta defèt dapre Seksyon 2023 Lwa Edikasyon an. Bidjè enprevi a sipoze itilizasyon adisyonèl lajan rezèv pou balanse defisi revni an.**

	Nan Kad Bidjè Pwopoze pou Ane Eskolè 2026-27 an
Ekonomi Estime pou Egzanpsyon STAR debaz la[1]:	Clarkstown $ 604 Haverstraw $ 615 Ramapo $ 578

Vòt pou bidjè anyèl pou ane fiskal 2026-27 la pou moun ki kalifye pou vote yo nan East Ramapo Central School District la [Distri Eskolè Santral East Ramapo a], Rockland County, New York, ap fèt kote nou pral site yo: Distri 1 Summit Park Elementary School [Lekòl Primè Summit Park]; Distri 2 Pascack Community Center [Sant Kominotè Pascack], Distri 3 Spring Vally High School [Lekòl Segondè Spring Valley], Distri 4 Chestnut Ridge Middle School [Lekòl Premye sik Segondè Chestnut Ridge], Distri 5 Yeshiva Viznitz, Distri 6 Elmwood Elementary School [Lekòl Primè Elmwood], Distri 7 Ramapo High School [Lekòl Segondè Ramapo], Distri 8 Pomona Middle School [Lekòl Premye Sik Segondè Pomona], ak Distri 9 Lime Klin Elementary School [Lekòl Primè Lime Kiln].

[1]Se seksyon 425 Lwa sou Taks sou Byen Imobilye a ki otorize egzansyon diminisyon taks lekòl (STAR) debaz yo.

✪ Sou Bilten Vòt la


PWOPOZISYON #1: BIDJÈ 2026-27: Èske yo dwe adopte Bidjè Anyèl Distri Lekòl la, jan yo pwopoze l la, ak montan $367,649,590 la, epi èske yo dwe adopte l dapre lalwa pou kouvri depans bidjè a?

To learn more about the 2026-27 proposed ERCSD budget visit ercsd.org/budgetvote26 or SCAN HERE.

Para obtener más información sobre la propuesta de presupuesto del ERCSD para 2026-2027, visite **ercsd.org/budgetvote26** o ESCANEA AQUÍ.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou bidjè ERCSD ki pwopoze pou peryòd 2026-27 la, ale sou **www.ercsd.org/budgetvote26** oswa ESKANE LA A.

צו לערנען מער איבער די 2026-27 פארגעשלאגענע ERCSD בודזשעט, באזוכט **ercsd.org/budgetvote26** אדער סקענט דא.





KONSÈY EDIKASYON EAST RAMAPO

Shimon Z. Rose, *Prezidan*
Sherry McGill, *Vis Prezidan*
Sabrina Charles-Pierre
Moshe Samuel Feder
Yitzchok Gruber
Moses Koth
Simon Koth
Hiram Rivera
Ephraim Weissmandl

Ana Reluzco

Sipèentandan Pwovizwa nan Lekòl yo

Li reyalize an koperasyon avèk Sèvis Kominikasyon Rockland BOCES.

East Ramapo Central School District
105 South Madison Avenue
Spring Valley, NY 10977

PRSRT FIRST-CLASS
MAIL U.S. POSTAGE
PAID
MONSEY, NY 10952
PERMIT NO. 7025

DOKIMAN AN GEN YON DAT SOU LI

NOUVO VÒT BIDJÈ EAST RAMAPO 2026 LA

Ki moun ki ka vote?

Sitwayen, ki gen 18 lane oswa plis, ki abite nan Distri a depi omwen 30 jou anvan 19 Me 2026, epi ki anrejistre pou vote. Si ou te vote nan yon eleksyon lekòl oswa nan eleksyon jeneral Novanm nan kat ane ki sot pase yo, ou pa bezwen anrejistre. Ale sou **rocklandgov.com** pou ou jwenn fòm pou enskripsyon pou elektè Konte Rockland yo.

Enfòmasyon sou Elektè yo

Elektè yo nan TOUT distri yo ka vote sou bidjè a. Elektè yo nan Distri 3, 5 ak 8 yo a kapab vote tou sou kandida administratè yo ki nan lis pi wo a adrès ou sou poste sa a. Ale sou **ercsd.org/budgetvote26** pou ou jwenn enfòmasyon.

Enfòmasyon sou Sikonskripsyon yo

Pou konfòme yo ak òdonans Tribinal Federal la, dwe gen 9 sikonskripsyon. Ale sou **ercsd.org/budgetvote26** pou ou jwenn Sikonskripsyon yo ak kat yo. Si ou toujou rete nan adrès ki sou anvlòp lapòs sa a, ou ap vote nan sikonskripsyon an ak sit biwo vòt ki endike anwo adrès ou a. Si w te ale abite yon lòt kote, men ou toujou rete nan distri a, ale sou **ercsd.org/budgetvote26**.

VÒT BIDJÈ AK ELEKSYON ADMINISTRATÈ 2026

- **Biwo vòt yo ap ouvè soti 7 a.m. rive 9:30 p.m. Madi 19 Me 2026 la pou elektè k ap vote an pèsòn yo. Elektè yo DWE vote nan biwo vòt Sikonskripsyon yo a jan li enprime pa anwo adrès ki sou kourye sa a.**
- **Se sèlman sikonskripsyon 3, 5 ak 8 yo k ap vote pou kandida administratè yo an 2026.**
- **Elektè ki pa anrejistre kòm moun ki gen andikap pèmanan dwe soumèt yon Bilten Vòt Davans pa Lapòs oswa yon fòm demann pou Elektè ki Absan. Dènye dat pou mande yon Bilten Vòt pa Lapòs Bonè oswa yon Bilten Vòt Absan pou voye yo pa lapòs pou elektè a se Madi 12 me 2026. Dènye dat pou mande pou pase pran yo se Lendi 18 Me 2026.**
- **Tout Vòt pa Lapòs Bonè, Vòt Absan ak Bilten Militè yo dwe rive nan biwo Grefye Distri a pa pita pase 5è nan apremidi nan Madi 19 Me 2026 pou yo konte.**









Ale sou ercsd.org/budgetvote26 pou ou ka jwenn enfòmasyon elektè yo